

LEE MEMORIAL HEALTH SYSTEM

Rezime sou politik èd finansye

Lee Memorial Health System (“Lee Health”) gen fason pou l ede moun peye fakti lopital yo. nou rele sistèm sa a Politik èd finansye (Financial Assistance Policy) oswa “FAP” pou pi kout. Grasa FAP, nou bay pasyan ki ranpli kondisyon yo èd medikal ann ijans ak lòt swen medikal yo bezwen nan lopital Lee Health yo. W ap jwenn yon rezime sou fason sa mache pi ba a. Nou ka fè w jwenn yon kopi FAP a tou pou plis enfòmasyon.

Kiyès FAP ede? Grasa FAP, pasyan an ka jwenn èd finansye selon kantite kòb ki antre nan kay la e si 1) li pa gen asirans, 2) li rete nan youn nan zòn prensipal kote nou bay sèvis (Konte Lee, Charlotte, Collier, Glades, ak Hendry nan Florid), 3) li bay enfòmasyon sou ki jan finans fanmi an ye ak 4) l ap resevwa swen medikal ann ijans oswa lòt swen ki nesèsè nan youn nan lopital Lee Health yo.

Pou nou konnen si yon pasyan kalifye pou l jwenn èd finansye, nou pran enfòmasyon nan men pasyan an. Nou ka mande l pou l ranpli yon aplikasyon sou èd finansye nou rele Financial Assistance Application (“FAA”) e pou l ban nou papye anrapò ak finans li. Lee Health gen konseye finansye ki kapab ede yo ranpli aplikasyon an. N ap jwenn kopi FAP ak FAA sou Entènèt nan <http://www.leehealth.org/businessoffice/financial-assistance.asp> oswa nou ka rele Lee Health Patient Financial Services nan 1-800-809-9906 pou yo fè nou jwenn yon kopi an papye dirèkteman oswa pa lapòs. Nou ka eseye jwenn kòb nan men asirans, oswa nan nenpòt antant ki fèt pou peye dèt oswa jijman menmsi èd finansye a disponib.

FAP bay posiblite pou w jwenn swen nan men gwoup doktè Lee Physician Group pou ijans oswa lòt swen ki nesèsè nan lopital Lee Health yo. FAP pa aplikab pou swen andeyò lopital la, pa egzanp vizit kay doktè ki fè pati gwoup Lee Physician Group. Doktè ki pa fè pati Lee Physician Group kapab bay èd finansye tou si yo vle. W ap jwenn yon lis doktè ak lòt pwofesyonèl lasante FAP kouvri nan lyen sa a <http://www.leehealth.org/businessoffice/financial-assistance.asp>.

Fason pou w aplike. Pasyan yo kapab aplike pou èd finansye lè yo ranpli yon FAA nenpòt lè swa anvan swa pandan y ap pran swen an e yo ka menm fè sa anvan yo ba yo dènye montan yo dwe a. Lee Health ka mande pasyan an kèk dokiman byen presi lè l ap egzamine FAA pasyan an. Yo ka pran jiska 30 jou apre yon pasyan fin ranpli yon aplikasyon FAA anvan yo ba l apwobasyon. Pasyan ki kalifye yo ap jwenn èd pou jis 180 jou, apre sa, y ap bezwen aplike ankò oswa voye nouvo papye.

Ki kantite kòb èd la ye? Pa mwayen FAP, Lee Health bay èd finansye suivan revni moun nan fè, ki baze sou gid konsènan sa Leta Federal la konsidere kòm nivo povrete a (“FPL”).

An jeneral, pasyan ki kalifye yo e ki gen pa gen plis pase 200% nan FPL la kòm revni pa gen pou peye lopital la ni doktè k ap patisipe nan FAP a. An jeneral, pasyan ki kalifye e ki gen yon revni plis pase 200% nan FPL la jiska 400% nan FPL ap gen pou peye sèlman 20% fakti pou lopital ki nan pwogram nan ak doktè yo. Mete sou sa, pasyan ki kalifye ki gen revni ki pa depase 400% nan FPL pou yon fanmi ki gen 4 moun ladan l pap gen pou peye anyen ni lopital ki nan pwogram nan ni doktè yo lè sa yo chaje a depase 25% revni fanmi an. An 2021, FPL pou yon fanmi kat moun te egal ak \$26,500.

Si yon pasyan pa gen asirans e l pa kalifye pou l resevwa èd finansye sou baz revni li, Lee Health bay 80% rabè sou montan total fakti sèvis lopital la; li bay 25% rabè sou montan total pou sèvis pwofesyonèl si se LPG ki bay yo.

Pou pasyan k ap suiv tretman pou kansè e ki gen yon revni ki pi piti pase 400% nan gid federal povrete a, Lee Health ka deside chwazi ba yo jiska 100% èd finansye pou tretman yo depi lalwa pa entèdi l fè sa.

Ki jan pou kalkile “montan yo chaje an jeneral” Lè yon pasyan ki kalifye resevwa èd finansye pou mwens pase 100% montan yo, an jeneral, pasyan an pap dwe plis pase kantite yo konn chaje moun ki gen asirans yo (“AGB”). Lee Health sèvi ak yon metòd yo rele “look-back” pou yo kalkile AGB pou lopital li yo. AGB a se pi gwo limit kòb y ap pran nan men yon pasyan ki kalifye. AGB a baze sou tout reklamasyon Medicare, Medicaid, ak asirans sante prive yo sou yon peryòd plis pase 12 mwa, epi yo divize total pa montan total reklamasyon sa yo anvan rabè. Fason yo kalkile AGB pou chak lopital disponib sou Entènèt nan <http://www.leehealth.org/businessoffice/financial-assistance.asp>.

Aksyon pou rekipere lajan. Pasyan ki pa kalifye pou èd finansye a oswa ki pa ranpli aplikasyon yo e ki pa peye fakti lopital yo atan, Lee Health kapab voye kont yo nan yon ajans ki la pou rekipere dèt. Pasyan sa yo ap jwenn yon nòt k ap fè yo konnen yo voye kont yo nan yon ajans pou rekipere dèt e y ap gen senk jou ouvrab pou yo reponn nòt la anvan ajans lan fè yon aksyon.

Lee Health kapab fè yon aksyon legal pou kantite kòb ou dwe depi plis pase 120 jou. Pasyan yo ap resevwa yon papyè ki fè yo konnen yo gen 30 jou pou yo peye anvan yo fè yon aksyon legal kont yo. Aksyon legal la ka gen ladan l aksyon sivil e yo ka pran kòb la sou salè l. Lee Health kapab fè yon demann pou l fè reklamasyon kòb pasyan dwe l lè y ap fè likidasyon byen yon moun nan ka moun ki deklare fayit oswa si y ap likide byen imobilye l oswa nan kad yon ipotèk selon sa lalwa otorize. Nan kèk ka, kote lalwa pèmèt sa, si yon moun gen fakti li pa peye pou swen li te deja resevwa, nou kapab refize bay moun sa a swen si se pa yon ijans medikal oswa nou ka mande l pou peye anvan nou ba l swen.

Ki jan w ka konn plis anrapò ak politik èd finansye a. Lee Health pral mete politik anrapò ak èd finansye a ansanm ak nòt ki nesèsè yo disponib pou piblik la nan kominite kote l ap bay sèvis. Lee Health pral fè kopi FAP, FAA, ak rezime a gratis ann anglè, ann espayòl, ann alman ak an kreyòl ayisyen, kopi sa yo ap disponib ni sou papyè ni sou sit sante nou an sou Entènèt, <http://www.leehealth.org>. Pou plis enfòmasyon sou FAP ak èd pou ranpli aplikasyon FAP a, pasyan yo ak moun nan kominote a kapab kontakte tou yon espesyalis pou kont pasyan nan Lee Health Patient Financial Services lè yo rele 1-800-809-9906.